

Toeroenan.

Trang dawoeh timbalan dhalem Sampéjan dhalem Kangdjeng Goesti, paréntah Kapatihan kakersakhaken paring priksa doemateng para poetra santana dhalem sarta sadhaja para habdhi dhalem hing Nagari toewin doesoen, manawi bénjing hing dhinten Rebo Pon tanggal kaping 28 Soera Bé 1864, hoetawi soerja kaping 24 Mei 1933 poenika, kaleres wijossan dhalem Sampéjan dhalem Kangdjeng Goesti, hing dhinten wahoe hing ngarsa dhalem manawi ngawontenaken pasamoewan kadhos hadhat.

Mengah pranatan lampah-lampahipoen pasamoewan kadhos hing ngandap poenika.

Doemawoeh kaping : 13 Me i 1933.

Boepati Papatih dhalem,  
Kangdjeng Pangéran Harja  
wg. SOORJØATMODJO.

Pranatan lampah-lampahing pasamoewan, bénjing hing dhinten Rebo Pon tanggal kaping 28 Soera Bé 1864, hoetawi soerja kaping 24 Me i 1933. Marengi tingalandhalem wijossan.

I. <sup>6</sup>

Wantji djam 8 héndjing kagoengan dhalem gongsa hageng (moenggang) wiwit katatap, noenten djam 8½ héndjing katjandak hoengeling kagoengan dhalem gongsa hingkang soemare wonten hing bangsal Séwata, panaboehipoen gentossan.

II.

Djam 9½ héndjing, madjengipoen para poetra santana dhalem, toewin sadhaja habdhidhalem Nagari doesoen, sami sowan wonten hing ngarsa dhalem, mangangé rasoekan atéla tjemeng, wadhana minggah sabesk tjinde bara, tataning pasamoewan kadhos dhéné pasowanen garebeg.

III.

Hing watawis wantji, manawi Sampéjan dhalem Kangdjeng Goesti sampoen kapareng mijos, mijos dhalem mawi kahoermatan hoengeling kagoengan dhalem gongsa hing Bangsal Séwata, kataboeh gending sri koentjara, gongsa hageng kataboeh gending hoeloek-hoeloek, manawi Sampéjan dhalem Kangdjeng Goesti sampoen lenggah, kahangkah sapantesipoen, sasampoening pasowanen tata, gongsa noenten kasoewoek, Ladjeng hing Ngarsa dhalem paring sasmita doemateng habdhidhalem Boepati Patih, toemoenten handawoehaken timbalan dhalem doemateng habdhidhalem Kyahi Pangaeloe, kakersakhaken dhongani hadjad dhalem.

Kyahi Pangaeloe ladjeng loemèngsér kanti Ketib kelih ngadheg, madjeng mangaler wonten Bangsal ngandap sisih kidhoel, handhongani hadjad dhalem, sasampoenipoen rampoeng ladjeng katjandak hoengeling gongsa, gongsa Bangsal kataboeh gending tjarabalen dawah pisang-bali, gongsa hageng kataboeh kodok-ngorék, hamoeng sawatawis ladjeng soewoek.

IV.

Djengkar dhalem kahoermatan hoengeling gongsa hingkang wonten Bangsal Séwata, gending tropongan, gongsa hageng gending soemirat, toemoenten sadhaja hingkang sami sowan kapareng bibaran.

-----:00:-----

Pranatan wijosipoen hadjad dhalem, saha lampahing pangoesoeng.

I.

Djam 9 héndjing, sadhaja hadjad dhalem sasampoena kawijos-saken, wonten hing papan hingkang sampoen katamtokhaken kadhos hadhat. Hingkang kapinta ngoesoeng habdhi dahlem Ngawin, dhéné bagéjanipoen habdhi dhalem Soeragama, hinggih poenika hadjad dhalem hingkang badé kamrékhaken hing Bangsal, hingkang kapinta ngoesoeng hinggih kontja Soeragama, hingkang poenika habdhi dhalem Pangaeloe ladjeng hamataha kalèréhanipoen hing saperloenipoen.

II.

Satoenggal-toenggaling kawedhanan soepadhos midji kalèréhanipoen hanipoen perloe njadong hadjad dhalem hingkang badé dhadhosbagéjanipoen pijambak-pijambak, dateng habdhi dhalem hingkang kapinta bagé hadjad dhalem wahoe.

III.

Kawedhanan Reksawibawa soepadhos midji kalèréhanipoen kané njadong hadjad dhalem, poenapa hingkang badé kaparingaken dateng para poetra santana dhalem, poenapa dhéné habdhi dhalem wiwit pangkat Assisten Wadhana minggah sarta hingkang hangladhosí sarampoengipoen.